

# Avantaj swen sante



Workers'  
Compensation  
Board

Swen sante pou trete domaj oswa maladi ki gen rapò ak travay ou se yon avantaj konpansasyon travayè ke yo ba ou gratis pou tout lavi w, sof si ou fè yon antant ki di yon lòt bagay.

## APÈSI

Swen sante pou domaj oswa maladi ki gen rapò ak travay ou kouvari, kit ou pèdi tan travay kit ou pa pèdi tan travay oswa si w ap resevwa yon avantaj pou salè ki pèdi. Se konpayi aspirans ki garanti konpansasyon travayè patwon w lan k ap peye bòdwo medikal yo dirèkteman bay pwofesyonèl swen sante w yo.

Si ou sibi domaj oswa ou vin malad nan travay ou, mete patwon ou okouran, alekri, nan yon delè 30 jou. Ou dwe soumèt yon fòmilè *Employee Claim (Reklamasyon Anplwaye) (Fòmilè C-3)* devan Konsèy Konpansasyon Travayè [Workers' Compensation Board] (Konsèy) Eta New York la. Ou ka jwenn fòmilè yo sou sitwèb Konsèy la nan [wcb.ny.gov](#).

Pwofesyonèl swen sante yo fèt pou yo gen otorizasyon Konsèy la pou yo trete travayè ki sibi domaj yo. Ou ka chèche yon pwofesyonèl swen sante ki otorize sou sitwèb Konsèy la nan [wcb.ny.gov](#). Si ou gen pwoblèm ak swen w oswa si w bezwen èd pou w jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki otorize, rele Biwo Direktè Medikal Konsèy la nan **(800) 781-2362**. Ou ka resevwa swen nan men pwòp doktè pa w si Konsèy la ba l'otorizasyon.

Pwofesyonèl swen sante yo ap voye bòdwo yo bay konpayi aspirans la dirèkteman. Piga peye okenn bòdwo medikal sof si Konsèy la pa aksepte reklamasyon w lan oswa si ou pa pouswiv li. Doktè ou (yo) kapab mande w pou w siyen yon avi responsabilite, ki rele *Fòmilè A-9*, ki di w ap peye bòdwo medikal yo si Konsèy la pa aksepte reklamasyon w lan, oswa si w abandone reklamasyon w lan avan yo aksepte l.

Dèfwa yo egzije otorizasyon alavans pou tretman, e y ap resevwa yo nan men pwofesyonèl swen sante w (yo).

## BON JAN KALITE SWEN KI GARANTI

Tretman pou sèten kondisyon ak domaj nan pati espesifik nan kò a kouvari anba *Gid pou Tretman Medikal (Medical Treatment Guidelines, MTG)* Eta New York Konsèy Konpansasyon Travayè a. Yo te kreye *MTG yo* pou asire ou resevwa pi bon swen medikal la pou domaj ou a, pou w ka refè, tounen nan travay, epi kontinye viv lavi w. Yo te devlope yo gras ak ekspètiz doktè atravè peyi a ki espesyalize nan ede moun ki te sibi domaj nan travay. *MTG yo* kapab diminye sou fòmalite administratif yo paske pifò nan tretman yo rekòmande yo apwouve alavans. Sa vle di pase mwens tan ap tann pou tretman — konsa ou ka kòmanse santi w byen pi bonè.

Pwofesyonèl swen sante w (yo) ap konnen ki domaj ak ki maladi *MTG yo* adrese. Yo pral asire ke tretman w lan konsistan avèk pi bon pratik ki genyen ladan yo.

Chèche yon pwofesyonèl swen sante Konsèy la otorize nan [wcb.ny.gov/health-care-provider-search](#). Pou plis èd pou w jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki otorize, tanpri kontakte Biwo Direktè Medikal la nan **(800) 781-2362**.

### Tip sèvis ki kouvari

Medikal ak Osteyopatik	Sikolojik (sou referans)	Swen Lopital	Sèvis Enfimye
Dantè	Tretman Kiwopratik	Tès Laboratwa	Aparèy pou Operasyon
Podyatrik	Operasyon	Medikaman sou Preskripsyon	Aparèy Pwotèz

## REZO PWOFESYONÈL SWEN SANTE

Anplis de itilize pwofesyonèl swen sante ki otorize, konpayi asirans yo kapab etabli rezo ke ou ka oblige itilize.

- Rezo pou Dyagnostik:** Konpayi asirans yo ka egzije w itilize rezo etablisman yo pou fè egzamen dyagnostik (eksepte nan ka ijans medikal). Fè pwofesyonèl swen sante w yo konnen si konpayi asirans la gen egzijans sa a.
- Rezo Famasi:** Konpayi asirans yo kapab egzije w itilize yon famasi ki nan rezo yo. Nan ka sa a, di famasyen an ou gen yon ka konpansasyon travayè; famasi a ap voye bòdwo a bay konpayi asirans la dirèkteman. Pa gen okenn kopeman. Men, famasi a kapab mande w peye pou preskripsyón an nan moman sèvis la. Konpayi asirans la dwe ranbouse w dapre règleman ak barèm tarif famasetik la. Nan ka ijans medikal, ou pa oblige itilize famasi ki nan rezo konpayi asirans patwon w lan. Yo pa ka oblige w nonplis pou w resevwa preskripsyón atravè kòmann pa lapòs. Si preskripsyón atravè kòmann pa lapòs pa disponib, yon famasi rezo a dwe a yon distans 15 mil de lakay ou oswa de travay ou si w ap viv nan yon zòn riral, oswa a yon distans senk mil si kay ou a nan yon vil, yon ti vil oswa yon vilaj ki gen yon popilasyon 2,500 moun oswa plis.
- Organizasyon Founisè Swen Sante Prefere (Preferred Provider Organizations, PPO):** Konpayi asirans yo kapab egzije w itilize PPO pa yo a pou swen medikal ou. Konpayi asirans la dwe fè w konnen si li itilize yon rezo pwofesyonèl swen sante. Si ou pa satisfè ak swen PPO a, ou kapab chwazi yon pwofesyonèl swen sante otorize andeyò PPO a apre 30 jou tretman.

## SWEN ANDEYÒ ETA NEW YORK

Ou kapab kontinye resevwa swen medikal pou reklamasyon w lan menm si ou andeyò Eta New York. Tretman yo bay andeyò eta a dwe konsistan ak rekòmandasyon ki nan **MTG yo**.

## DEPLASMAN AK LÒT DEPANS

Yo ka ranbouse w pou mileyaj, transpò publik, oswa lòt depans nesesè ou fè lè w ap deplase pou tretman oswa pou egzamen medikal endepandan. Soumèt resi pou depans sa yo omwen chak sis mwa bay Konsèy la ak konpayi asirans lan lè w itilize **Claimant's Record of Medical and Travel Expenses and Request for Reimbursement (Dosye Moun k ap Fè Reklamasyon an pou Depans Medikal ak Deplasman ak Demann pou Ranbousman)** (*Fòm C-257*), ke w ap jwenn sou sitwèb Konsèy la nan [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov).

## REYABILITASYON PWOFESYONÈL AK TRAVAY SOSYAL

Konsèy la ofri sèvis reyabilitasyon ki kapab ede w retounen nan travay ak viv yon vi pi plen ak pi aktif. Yo eksplike sèvis espesifik yo anba a.

- Reyabilitasyon Pwofesyonèl:** Reyabilitasyon pwofesyonèl kapab ede w si andikap ou anpeche w retounen nan travay nòmal ou. Konseye Konsèy yo ede w jwenn travay ki adapte ak kapasite w. Yo ede devlope yon plan pou w retounen travay tou. Sa ka gen ladan konsèy pwofesyonèl ak referans pou fòmasyon ak plasman travay selektif.
- Travayè Sosyal:** Travayè sosyal Konsèy yo kapab ede w fè fas ak andikap ou epi diskite sou enkyetid sou reyabilitasyon. Travayè sosyal Konsy yo kapab ede w tou lè pwoblèm fanmi oswa pwoblèm finansyè entèfere ak kapasite w pou retounen nan travay ou. Sa ka gen ladan defann ou devan kreyansye yo, tankou mèt kay oswa konpayi sèvis publik, bay referans pou sèvis sosyal, tankou pwogram asistans manje ak chofaj, epi fè rekòmandasyon pou konsèy ak tretman.

Konsèy la gen konseye, travayè sosyal, ak egzaminatè reklamasyon ki kowòdone ak fè swivi sou sèvis reyabilitasyon medikal ak fizik. Si w ta ka benefisyé de sèvis sa yo, kontakte KKonsèy la.

## ASISTANS NAN LANG

Konsèy la ap tradwi dokiman nan nenpòt lang ou bezwen. Li pral bay yon entèpèrt tou pou odyans ou a, gratis.

Tanpri rele nan **(877) 632-4996** pou fè aranjman pou tradiksyon oswa entèpretasyon. Si w ap itilize odyans vityèl, ou gen opsyon pou mande yon entèpèrt pou pwoesis anrejistreman an.